
DÉZIÈM CHAPIT
**Mouin kouè nan Jézu-Kri,
sèl Pitit Bondié-a**

ATIK 5

*« Jézu-Kri désann koté mò-yo té yé-a,
sou touazièm jou li lévé byin vivan
sot nan pami mò-yo »*

631 Jézu « té désann nan réjion ki anba tè-a. Sa-a ki désann-nan, sé li minm tou ki té monté anlè tout sièl-yo » (Ep 4, 9-10). Sinbòl Apot-yo déklaré nan minm atik-la ni désann Kris-la désann nan lanfè-a ni Réziréksion-l sot nan pami mò-yo touazièm jou-a, paské nan Pak li-a sot nan bafon lanmò-a li fè lavi-a jayi :

« Kris-la Pitit ou-a,
li minm, antan-l tounin sot anba tè-a,
l-ap kléré ras moun-nan nan lapè,
épi li vivan, épi li roua, pou tout tan gin tan. Amèn ».
(MR, Vigile Pascale 18 : Exsultet)

**PARAGRAF 1. *Kris-la désann anba tè-yo [koté mò-yo té yé-a]
[al nan lanfè]***

632 Lè Nouvo Téstaman-an déklaré anpil fous Jézu « résisité sot nan pami mò-yo » (Ac 3, 15 ; Rm 8, 11 ; 1 Co 15, 20), sa sipozé anvan Réziréksion-an li té rété koté mò-yo té yé-a (cf. He 13, 20). Sé premié signifikasion prèch Apot-yo té bay désant Jézu nan lanfè-a : Jézu té konnin lanmò tankou tout moun épi ak nanm-li li t-al jouinn yo koté mò-yo té yé-a. Min li-minm li désann la kòm Sovè, antan-l proklamé Bòn Nouvèl-la bay éspri-yo ki té prizonié la-a (cf. 1 P 3, 18-19).

- 633 Koté mò-yo té rété-a koté Kris-la ki mouri té désann-nan, Sint-Ékritu-a rélé-l lanfè, Shéòl oubyin Adès (*Αἰδης = ἄδης*) (cf. Ph 2, 10 ; Ac 2, 24 ; Ap 1, 18 ; Ep 4, 9) paské sa-yo ki la-a, yo pa ouè Bondié (cf. Ps 6, 6 ; 88, 11-13). Sé té kondision tout mò-yo éféktivman, sa-k kòrèk ak sa-k pa kòrèk, antan y-ap tann Rédanmtè-a (cf. Ps 89, 49 ; 1 S 28, 19 ; Ez 32, 17-32) sa pa vlé di sé minm sò-a yo té ginyin, jan Jézu montré sa nan parabòl pòv Lazar-la yo résévoua « nan léstomak Abraam » (cf. Lc 16, 22-26). « Sé présizéman nanm sin sa-yo ki t-ap tann Sovè-a nan léstomak Abraam, Kris Granmèt-la té désann nan lanfè pou libéré yo-a » (Catech. R. 1, 6, 3).
 1033 Jézu pa-t désann nan lanfè pou-l libéré sa-k kondané-yo (cf. Cc. Rome de 745 : DS 587) ni non plis pou-l détrui lanfè kondanasion-an (cf. DS 1011 ; 1077) min pou-l libéré moun kòrèk-yo ki té viv anvan-l yo (cf. Cc. Tolède IV en 625 : DS 485 ; Mt 27, 52-53).
- 634 « Bòn nouvèl-la té anonsé bay mò-yo tou... » (1 P 4, 6). Désann Jézu désann nan lanfè-a sé akonplisman, joustan li anplin, anons évanjil ki sovè nou-an. Sé dènié faz mision mésianik Jézu-a, ki konsantré nan tan-an, min ki gran san mézi nan signifkasion réyèl-li pou fè travay rédanmsion-an
 605 rivé jouinn tout moun nan tout tan ak tout koté, paské tout moun ki sovè-yo, yo patisipé nan Rédanmsion-an.
- 635 Sé poutèt sa Kris-la désann nan profondè lanmò-a (cf. Mt 12, 24 ; Rm 10, 7 ; Ep 4, 9) pou « mò-yo tandé voua Pitit Bondié-a, moun ki tandé-yo, y-ap viv » (Jn 5, 25). Jézu, « Chèf lavi-a » (Ac 3, 15), « gras a lanmò-a, li té kapab détrui sa-a ki té gin pouvoua lanmò-a, sa vlé di Djab-la ; pou-l té kapab libéré sa-yo ki t-ap pasé tray pandan tout lavi-a poutèt ésklavaj kè soté lanmò-a » (He 2, 14-15). Apati lè sa-a, Kris-la ki résisité-a « gin klé lanmò-a ak anba tè-a » (Ap 1, 18) épi « o non Jézu sa-a, tout jénou fèt pou plouayé nan sièl-la, sou tè-a ak anba tè-yo » (Ph 2, 10).

« Jodi-a sé gran silans sou tè-a ; gran silans, épi sé dézè ; gran silans, paské Roua-a ap dòmi ; tè-a pè, li rétrankil, paské Bondié ap dòmi nan kò-a, l-al révéyé moun-yo k-ap dòmi dépi sièk tan-yo. [...] Sètènman l-al chèché prémié zansèt-la tankou yon mouton ki té pèdi. Li té vlé al vizité moun-yo ki té chita nan fènoua-yo ak lonbraj lanmò-a ; Adan ki ésklav-la ansanm ak Èv ki ésklav-la, Bondié alé ansanm ak Pitit li-a pou-l délivré yo sot nan soufrans yo. [...] Sé mouin minm Bondié-ou la, ki vîn tounin pitit-ou poutèt ou. [...] Lévé, ou minm k-ap dòmi-a ; sèké sé pa pou sa mouin té fè-ou, pou-ou té rétrèmin nan bafon-an antan ou pèdi batay-la. Lévé sot nan pami mò-yo ; sé mouin minm ki lavi moun ki té mouri-yo » (Ancienne homélie pour le Samedi Saint : PG 43, 440A. 452C. 461).

RÉZIMÉ

- 636 *Lè sinbòl-la di : « Jézu té désann koté mò-yo té yé-a », li déklaré Jézu té mouri tout bon vré épi palintèmediè Lanmò li-a li té ranpòtè viktoua sou lanmò-a poutèt nou épi sou Djab-la « sa-a ki té gin pouvoua lanmò-a » (He 2, 14).*

637

Lè Kris-la mouri, nanm-li ki fè youn ak Pèrsòn divîn li-an, désann nan koté mò-yo rété-a. Li ouvri pòt sièl-yo pou moun kòrèk ki té viv anvan-l yo.

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
apré-a](#)